

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Kegiatan nulis mangrupa kegiatan ngébréhkeun idé jeung gagasan nu aya dina pikiran kana wangun tinulis. Nulis kaasup kana salah sahiji aspék kaparigelan basa anu kudu dicangking ku murid salian ti ngaregepkeun, nyarita, jeung maca. Demi ari kegiatan nulis téh miboga sipat produktif jeung éksprésif. Produktif hartina kegiatan nulis bisa ngahasilkeun hiji karya dina wangun tulisan, sedengkeun sipat éksprésif dina nulis hartina tulisan téh minangka ébréhan idé jeung pikiran panulisna.

Pangajaran nulis masih kénéh jadi bahan panalungtikan anu remen dilaksanakeun ku para panalungtik. Ieu hal téh lantaran lobana pasualan anu karandapan di sabudeureun pangajaran nulis. Pasualan dasar nu nyampak nya éta héngkérna kamampuh siswa dina nulis. Tina rupaning panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun saméméhna, katitén yén kamampuh nulis ti mimiti siswa sakola dasar nepi ka paguron luhur masih kénéh asor. Teu saeutik murid tingkat sakola dasar jeung menengah anu can bisa nulis kalawan hasil anu nyugemakeun. Disagigireun éta kabiasaan niron tulisan batur tapi teu dibarung ku cara nyutat anu bener beuki dieu beuki loba. Balukarna kasus *plagiatisme* beuki meuweuh. Ku ayana éta kaayaan, matak teu salah lamun Taufik Ismail dina Abidin (2012:190) nyebutkeun yén '*bangsa Indonesia mah rabun maca jeung lumpuh nulis*'.

Pasualan séjén nu leuwih jero deui nya éta tingkat kamampuh nulis ngagunakeun aksara séjén salian ti aksara Latén anu héngké pisan. Cacakan maké aksara latén gé geus jarang nu bisa nyipta tulisan nu hadé, komo deui lamun kudu nulis maké aksara Sunda nu teu ilahar dipaké nulis di jaman ayeuna.

Kegiatan nulis dina enas-enasna moal bisa leupas tina tulisan salaku objékna jeung aksara minangka média tinulis atawa anu ngawangun hiji tulisan. Komo lamun ningali kana pamadegan Tarigan (2008:3) anu nyebutkeun yén nulis téh nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma. Beuki jéntré waé yén nulis téh raket pisan jeung aksara.

Ranu Sudarmansyah, 2014

Media strip story dina pangajaran nulis aksara sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Patali jeung aksara, teu saban daérah ngabogaan tata aksara sorangan. Béda deui jeung di tatar Sunda. Urang Sunda ti jaman baheula geus miboga ciri mandiri minangka jati dirina dina wangun aksara anu disebut aksara Sunda. Aksara Sunda buhun mimiti kapanggih dina naskah-naskah ti abad ka XV, anu ditalungtik ku Holle taun 1867 (Mulyanto, 2012:10). Sawatara bukti tinulisna nya éta naskah Bujangga Manik, Naskah Carita Parahiyangan, naskah SSKS, naskah Sewaka Darma, naskah Ratu Pakuan jeung Prasasti nu aya di Astana gedé anu ditulis dina aksara jeung basa Sunda buhun (Ruhaliyah, 2012:2). Éta bukti-bukti téh nandakeun yén karuhun urang Sunda geus bisa ngawangun komunikasi tinulis atawa tradisi tulisan. Ku ayana éta tradisi tulisan téh mangka generasi saterusna bisa manggihan informasi penting ngeunaan sajarah, ajén-inajén kahirupan jeung aspék budaya liana anu diwariskeun ti karuhun.

Dina raraga ngaraksa jeung ngariksa warisan ti karuhun urang hususna nu patali jeung kaaksaraan (aksara Sunda), kiwari geus aya standarisasi aksara Sunda anu ditetepkeun ku UNICODE. Ku ayana éta standarisasi, dipiharep aksara Sunda bisa tetep diparaké. Tarékah séjénna anu dilaksanakeun pikeun ngawanohkeun aksara Sunda ka generasi ngora, kiwari aksara Sunda jadi salah sahiji materi nu kaunggel boh dina Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD) nulis (kurikulum 2006) boh dina Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD) dina kurikulum 2013 anu kudu diajarkeun di sakola tur wajib dikawasa ku murid.

Pangajaran nulis aksara Sunda téh dipayungan ku Perda Jabar no 5 taun 2003 anu saterusna diturunkeun dina SKKD atawa KIKD kelas X. Sanajan aya papayung nu jelas, tapi dina lajuning lakuna loba kénéh pasualan nu karandapan, saperti pasualan anu patali jeung alokasi waktu pangajaran, kurangna minat siswa kana diajar aksara Sunda lantaran dianggap hésé dina ngapalkeun aksarana, hésé diulikna, sarta wangun aksarana béda jeung aksara Latén. Balukarna kamampuh siswa nulis aksara Sunda héngkér pisan. Pasualan séjénna anu jadi bangbaluh nya éta kurangna kamampuh guru dina ngawasa matéri aksara Sunda. Teu saeutik guru basa Sunda nu teu apaleun kana wangun aksara Sunda. Antukna guru kurang nyangking kana bahan pangajaran. Kajaba ti éta ge, guru kurang parigel dina nyipta jeung ngalarapkeun média pangajaran.

Ranu Sudarmansyah, 2014

Media strip story dina pangajaran nulis aksara sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dicantumkeunna materi ajar aksara Sunda di kelas X anu ngan samet tahap ngawanohkeun wungkul, tangtuna diperlukeun média pangajaran anu sipatna bisa ngarojong kana daya inget (*memory*) murid dina nyangkem matéri aksara Sunda. Ku kituna média pangajaran miboga peran penting pikeun ngirut panitén siswa sangkan daék diajar aksara Sunda kalawan daria. Gagne jeung Briggs dina Arsyad (2009:3) ngébréhkeun yén média pangajaran nya éta alat anu digunakeun pikeun nepikeun matéri pangajaran. Éta alat téh bisa mangrupa buku, *tape recorder*, *film*, *slide*, poto, gambar, grafik, jeung komputer.

Panalungtikan ngeunaan pangajaran aksara Sunda di sakola téh lain panalungtikan nu munggaran, aya sawatara panalungtikan nu kungsi dilakukeun saméméhna ngeunaan média nu dipaké dina ngajarkeun aksara Sunda di sakola. Taun 2012-2013 Erin Ervani ngayakeun panalungtikan anu judulna “Média *Flash Card* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda”. Udagan diayakeunana éta panalungtikan téh di antarana pikeun: (1) ngadéskripsikeun kamampuh murid dina nulis aksara Sunda ngagunakeun média *flash card*; (2) ngaronjatkeun kamampuh murid dina nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun média *flash card*; jeung (3) ngukur kamampuh nulis aksara Sunda di awal (*pre-test*) jeung di ahir (*pasca-test*). Bédana panalungtikan “Média *Flash Card* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda” jeung ieu panalungtikan téh nya éta dina jenis média anu dipakéna jeung léngkah-léngkah pangajaranana sarta métode panalungtikan anu dipakéna. Dina ieu panalungtikan, média pangajaran anu dipaké nya eta média *strip story* kalawan métode panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén.

Dina ieu panalungtikan aya hiji variabel bébas jeung hiji variabel kauger. Variabel bébasna nya éta média pangajaran *strip story* sedengkeun variabel kaugerna nya éta nulis aksara Sunda. Média pangajaran *strip story* nya éta salah sahiji média visual anu ngagunakeun potongan-potongan kertas dina nepikeun matéri ajarna (Arsyad, 2009:122). *Strip Story* ilaharna digunakeun dina ngajarkeun basa deungeun (asing) lantaran bisa mantuan murid dina nyangkem kosa kecap anyar. Lumangsungna prosés diajar anu ngawengku kana tahap ngawanohkeun sacara gurat badagna ku guru, saterusna siswa dikelompokkeun

pikeun maham wangun aksara Sunda. Dina éta proses, boh guru boh siswa, duanana pada-pada aktif. Siswa dibéré stimulan sangkan dina lumangsungna kerja kelompok, siswa jeung batur kelompokna bisa diajar maham kana rupaning wangun-wangun aksara Sunda kalawan dibimbing ku guruna.

Média pangajaran *strip story* dina pangajaran nulis aksara Sunda, saeutikna boga tilu hasil nya éta jadi pasilitas pangajaran dina nepikeun matéri ajar aksara Sunda, méré pamahaman anu gancang ka siswa pikeun nulis aksara Sunda jeung ayana kartu aksara Sunda bisa dijadikeun aksésoris berbasis tradisional sarupaning gantungan konci aksara Sunda. Ku kituna panalungtikan ngeunaan “Média *Strip Story* dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén di kelas X Saintek 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajar 2013/2014)” perlu diayakeun.

1.2. Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah nu diguar saméméhna, idéntifikasi masalah nu nyampak dina ieu panalungtikan nya éta héngkérna pangaweruh siswa ngeunaan aksara Sunda tur kurangna média pangajaran anu digunakeun dina pangajaran nulis aksara Sunda. Sangkan teu lega teuing ambahanana, hasil idéntifikasi masalah téh diwatesanan nya éta dina nulis aksara Sunda baku hasil standarisasi UNICODE kalawan ngagunakeun média *Strip Story*.

1.2.2. Rumusan Masalah

Tina idéntifikasi masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha prak-prakan ngagunakeun média *strip story* dina pangajaran nulis aksara Sunda ka siswa kelas X Sainték 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2013-2014?
- b. Kumaha kamampuh siswa kelas X Sainték 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2013-2014 dina nulis aksara Sunda saméméh ngagunaken média *strip story*?

Ranu Sudarmansyah, 2014

Media strip story dina pangajaran nulis aksara sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- c. Kumaha kamampuh siswa kelas X Sainték 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2013-2014 dina nulis aksara Sunda sanggeus ngagunaken média *strip story*?
- d. Kumaha béda signifikansi antara kamampuh awal jeung kamampuh ahir nulis aksara Sunda siswa kelas X Sainték 1 SMA Laboratorium UPI taun ajaran 2013-2014 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *strip story*?

1.3. Tujuan Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh boga tujuan umum pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun média *strip story* malah mandar bisa nambahan kaweruh siswa ngeunaan aksara Sunda. Lian ti éta gé, tujuan diayakeunna ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngahirup-huripkeun deui aksara daérah (Sunda) sangkan aksara Sunda salaku kabeungharan aksara daérah moal ilang kalindih ku jaman.

1.3.2. Tujuan Husus

Tujuan husus nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadéskrupsikeun:

- a. prosés pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun média *strip story* di siswa kelas X Sainték 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2013-2014.
- b. kamampuh siswa kelas X Sainték 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2013-2014 dina nulis aksara Sunda saméméh ngagunaken média *strip story*.
- c. kamampuh siswa kelas X Sainték 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2013-2014 dina nulis aksara Sunda sanggeus ngagunaken média *strip story*.
- d. béda signifikansi antara kamampuh awal jeung kamampuh ahir nulis aksara Sunda siswa kelas X Sainték 1 SMA Laboratorium UPI taun ajaran 2013-2014 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *strip story*.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

1.4.1. Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan média pangajaran anu hadé tur éféktif dina nepikeun matéri ajar aksara Sunda. Kajaba ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun dijadikeun hiji bahan literatur pangajaran di sakola hususna ngeunaan rupaning média pangajaran, anu tujuanana pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina nulis aksara Sunda.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Lian ti mangpaat tioritis, dina ieu panalungtikan gé miboga mangpaat praktis pikeun sawatara unsur séjén saperti ieu di handap.

a) Dunya atikan

Ayana média pangajaran anu luyu jeung matéri ajar tur dipaké dina proses pangajaran dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa jeung sastra Sunda.

b) Panalungtik,

Panalungtik bisa meunang gambaran ngeunaan kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *strip story*, tur bisa mikanyaho pangaruh média *strip story* dina pangajaran nulis aksara Sunda.

c) Guru

Guru dipiharep bisa nyieun rupa-rupa média pangajaran séjénna minangka alternatip pangajaran di kelas dina nepikeun materi ajar aksara Sunda sangkan siswa bisa mikaresep kana matéri aksara Sunda.

d) Siswa

Ayana média pangajaran anyar bisa nambahan pangalaman siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda hususna ngagunakeun média *strip story*.

1.5. Raraga Tulisan

Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun raraga tulisan pikeun ngagambarkaeun eusining panalungtikan kalawan sistematis. Lian ti éta ogé ku ayana ieu raraga tulisan téh dipiharep bisa nyieun ieu panalungtikan leuwih gampang hususna dina nyusun laporan panalungtikanana. Anapon raraga tulisan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

BAB I Bubuka, dijéntrékeun masalah jeung tujuan panalungtikan anu aya patalina jeung média pangajaran *Strip Story* dina pangajaran nulis aksara Sunda.

BAB II Ulikan Tiori, Raraga Mikir, jeung Hipotésis Panalungtikan, dijéntrékeun tiori-tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan. Medar ngeunaan média pangajaran *Strip Story* ti mimiti wangenan nepi ka léngkah-léngkahna, wangenan aksara Sunda katut kamekaranan, larapna média *Strip Story* dina pangajaran nulis aksara Sunda jeung anggapan dasar katut hipotésis diayakeunna ieu panalungtikan.

BAB III Metode Panalungtikan, dijéntrékeun métode panalungtikan dina ieu panalungtikan. Métode panalungtikan anu baris dipaké nya éta métode ékspérimén kuasi.

BAB IV Analisis Data jeung Pedaran Kamampuh Nulis Aksara Sunda Ngagunakeun Média *Strip Story*, dijéntrékeun hasil panalungtikan.

BAB V Kacindekan jeung rékoméndasi, dijéntrékeun kacindekan sarta rékoméndasi tina hasil panalungtikan pikeun nu maca ieu panalungtikan.